Ассаламу гӀалайкум

# ЦӀумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 10 апрель Рузман №18 (7615) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦӀУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Дагъистан Республикаялъул БетӀер В. Васильевасул ХИТӀАБ



**ХӀурматияв дагъистаниял!**

Коронавирусалъул инфекциялъ унтулезул къадар къойидаса къойиде цӀикӀкӀунеб буго. Щай гьедин кколеб бугеб?

Щибаб къойил рокъове тӀад вуссуна кӀиазаргоӀанасев дагъистанияв, гьезда гьоркьор руго къватӀисел улкабаздаса тӀадруссун рачӀунелги. Хасал идарабаз гьезда лъазабулеб буго 14 къоялъ рокъоса къватӀире рахъунгеян абун.

ТӀад руссунел руго Россиялъул цогидал, ай короновирусалъ унтарал гӀадамал загьирлъарал, регионаздасаги дагъистаниял. Рес буго коронавирусалъул инфекция чорхолъ бугел гьезда гьоркьорги рукӀине.

Гьединал гӀадамалги, гӀорхъолъа борчӀараб ахӀвал-хӀалалде дандечӀеялъул низам лъазабурабгӀан заманаялъ, чӀезе ккола рокъоса къватӀире рахьинчӀого.

Улкаялъул президент Владимир Путиницаги РФялъул хӀукуматалъги батӀи-батӀияб тадбирал тӀоритӀулел руго унти тӀибитӀизе биччангутӀиялъул мурадалда. Федералияб бюджеталдаса биччан буго гьел тадбиразе хӀажатаб гӀарацги. Аслияб масъала буго - унти цоцазухъе кьеялъе нух къай.

Нужер щивасда бичӀчӀизе ккола: батӀи-батӀиял гӀадамазулгун бухьенал гьарулеб мехалда, гьелгун дандчӀвалеб заманалда кӀудияб хӀинкъи буго нужго унтиялъул гуребги, нужедаса унти гӀисиназдегун чӀахӀиязде, бахиналъулги. Хасго цӀикӀкӀараб хӀинкъи буго сахлъуларел унтаби ругел ва черх загӀиплъарал гӀадамазул сахлъиялъе. Хал гьабе, Италиялдаги Испаниялдаги бугеб хӀалалъухъ: щибаб къойил гьенив холев вуго микьнусгоялдасаги цӀикӀкӀун чи. Жакъа РФялъул президентас тӀобитӀараб дандельиялда бицана улкаялда гьарулел ругел тадбиразул хӀасилалда дагълъулеб бугин гӀадамал унтиялъул хӀужаби.

Баркала буго, рокъор чӀаян абуралъухъ гӀенеккарал чагӀазе.

Гьанже бицинин гьеб мальи гӀадахъ босуларезул рахьаль гьаризе ругел тадбиразул хӀакъалъуль. Жалго жидецаго цӀуниялъул низамалда хадуб халкколеб буго. Гьеб низам хвезабулел гӀадамазул рахьаль чӀезабун буго административияб жавабчилъи. Пуланав чияс рокъор чӀеялъул низама- лъул тӀалабал хвезарияллдалъун цониги чи унтани яги унтиялъул хӀасилалда хвани, гьев чиясе гьабизе буго уголовнияб тамихӀ.

Амма буго цогидаб тайпаялъул жавабчилъиги - пуланав чи (гӀагабожарав, гьудул -гьалмагъ) дур тасамахӀлъиялдалъун хванин абураб асар рекӀелъ даимго хутӀи. Дагъистаналда вуго 65-ялдаса цӀикӀкӀун сон барав 250 азаргогӀанасев чи.

Гьарула нужеда, дица адабхӀурмат гьабулел дагъистаниял, кумек гьабе гӀантал ишаздаса гӀолохъанаб гӀел цӀунизе.

ХӀурматиял дагъистаниял! Нилъ цадахъ рекъон хӀалтӀани, гьеб хӀинкъи гӀагараб заманалда жаниб тӀагӀинабун бажарула!

## ЖамагӀат разияб хӀалтӀи



Ахираб заманалда щибаб къойил гӀадин бихьула Агъвали росдал къватӀазда кколел «цӀи-цӀияв лъугьа-бахьинал». Гьаниб лъел рахь къачӀан, доба канализациялъе марщаби хисун, цоги рахьалда къватӀазда бетон тӀун - гьабулесе хӀалтӀи кибго ва кидаго камуларо. Гьеб камуларезул кьеруль руго росдал администрациялъул хӀалтӀухъаби бетӀералда Загьид Загьидовгун. ХӀалтӀул лъугӀи букӀунарелъул, камуларо гьеб росдал администрациялъулги.

Лъаларо, нухалгун рахьал къачӀан лъугӀунищали, гьанже гьезул ирга щвана кьоязде. Гьедин, дагъал цере кьояз къачӀан рагӀалде бахьана Маштихи авалалдаса Жанжи колоде унеб лъелаб кьо. Кього метр халалъи ва кӀиго метралде гӀунтӀун гӀеблъи бугеб кьода кьабураб хьарщи турун, г1адамазе ва боцӀуе хьвадизе хӀинкъи цӀикӀкӀараблъун букӀана. Гадамазул гӀарзги жиндирго хӀалтӀул планги хӀисабалде босун, Загьидил кьокъа тӀаделъана кьо къачӀазе. ГьазимухӀамад, Шамил ва ХӀамзат Шамиловаз, ТӀагьир МуртазагӀалиевас ва МухӀамад ТӀагьировас хьарщи махххалда хисун, махххул перилабиги лъун, къачӀана кьо.

ХӀалтӀухъабазул бригадир ХӀамзат Шамиловасе хасиятаб буго хӀалтӀе босараб хӀалтӀи г1адамал разилъуледухъ гьабизе. ГӀемераз абулеб рагӀана гьез кӀиабизеги тӀадруссун гьабизе хӀалтӀи толарин. Дидаго гьединаб кьиматалъуль тӀокӀлъи бихьула, лъаларо цогидазе гьеб кин букӀунебали. Гьабулеб хӀалтӀул хӀасил лъикӀаб букӀиналъ, рекӀее асарги лъикӀаб букӀуна.

Нухалги, кьоялги, рахьалгун мухьалги къачӀай ккола жамгӀияталъе хӀажатаб, исламалъ бецараб, халкъалъ ракӀракӀалъулаб баркала кьолеб, Аллагьасул кири цӀикӀкӀараб хӀалтӀи.

БоцӀи гӀалахалда кьотӀулезеги, Жанжи колода ах-хур бугезеги чара гьечӀого хӀажатаб кьо къачӀаразе к1удияб баркала загьир гьабулеб буго жамаг1аталъ.

**Эльмира ГӀабдулхӀалимова**

## БахӀарзазул парк

Къо анагӀана рикӀкӀалъулеб буго нилъедасан I945 соналъул 9 маялъул къо. Бадиб рохалилги рухӀалил бакӀлъиялъулги магӀу хулараб, гитлерил фашизмалда тӀад КӀудияб Бергьенлъи босараб байрамалъул къо. Гучаб СССР биххана, Россиялдаги гӀемер хутӀичӀо рагъул ветераналги, тылалъул захӀматчагӀиги. ТӀахьаздасан, интернет-телевидениялдасан лъараб баян гурони, къанагӀатги гьечӀо рагъул заманалъул лъималцин нилъеда жидерго ракӀалдещвеял рицине. Гьединал ракӀалдещвеял, биценал ругебгӀан мехалъ, наслабазул ракӀазулъ хутӀула халкъ, гьелъул къвакӀи, къохӀехьей. Аллагьас биччаге абе рагъ, гьелъул согӀлъиги кьогӀлъиги. Кьокъабго заманалъ букӀаниги, нилъедаги, КӀудияб Бергьенлъиялъул ирсилазда, хьинтӀана балагьаб 1999 соналъул августалъул кьоял.



Гьеб кинабго такрарлъичӀого букӀине хӀажалъула дол биценалдги, ракӀалдещвеялги, ракӀалдещвеялъе гьарулел тадбиралги. Гьединал тадбиразул цояблъун ккола гьал кьояз Болъихь районалъул АнсалтӀа росдада гӀагарлъухь, «ЦӀорораб ицц» абураб бакӀалда, Бергьенлъиялъ 75 сон тӀубай ракӀалдещвеялъе гьутӀби чӀей.

Совет Союзалъул БахӀарзал, нилъер ракьцояв Къади Абакаровасул, КӀаратӀаса МухӀамадзагьид ГӀабдулманаповасул, Александр Невскиясул ва БагӀараб ЦӀва орденазул кавалер РичӀагьанихъа капитан МухӀамад ХӀайбулаевасул, БагӀараб ЦӀва орденалъул кавалер Гъагъалъа ГӀусман Аслуевасул, Реццалъул гӀаламат орденалъул кавалер, АнсалтӀаса МухӀамад ХӀамзатовасул, Ленинградалъул блокадаялъул гӀахьалчи ГӀабдулмутӀалиб РажабхӀажиевасул ва цогидаги рагъул гӀахьалчагӀазул цӀарулал пихьил ва гӀисинпихъил гьутӀби чӀана Дагъистаналъул тӀабигӀияб сурсатазул министерствоялъул экологияб хьаравуллъиялъул отделалъул хӀалтӀухъан Лабазан МухӀамадовас.

Инсан чӀаго вукӀуна халкъалъул ракӀазулъ гьев вугебгӀан мехалъ. «ЦӀорораб ицц» ккола цохӀо балъхъадерил гуребги, гьалбадерилги хӀухьбахъизе унеб бакӀ. Ина сонал, гӀела гьениб ах. Божула гьенисан пихь кваналаго, хадусел наслабаз бахӀарчияв умумузул хвел гьечӀел цӀаралдаги бицадулъ хутӀараб тарихгун гьунарги даимго кӀочон теларин. БахӀарчияв умумузул хвел гьечӀеб гьунар ракӀалде щвеялъе чӀагояв памятникал нахъе толел КӀудияб Бергьенлъиялъул ирсилазеги баркала.

**Хадижат Залимханова**

**Щибаб рокъобе - кванил нигIматал**

# ГурхIел-рахIмуялъул тадбир



Гьал къоязда районалда тIобитIана «Инсан» гурхIел-рахIмуялъулаб фондалъул районалда бугеб филиалалъул, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул ва спорталъулгун гIолилазул ишазулва туризмалъул отделалъул хIалтIухъабазул цадахъаб жигаралдалъун гIуцIараб «Щибаб рокъобе кванил нигIматал» абураб рахIмуяб тадбир.

Хуштада, Лъондода, КIванада, Гьимерсо ва Гьигьалъ росабалъа ункъойилъа тIаде сонал арал хараби, тIоцебесеб группаялъул инвалидал ва лъимал гIемерал хъизанал- кинабниги лъабкъогоялдасанги цIикIкIун чиясе щвана кванил нигIматаздалъун гьарурал сайгъатал.

Дунялалдаго тIад кверщел гьабун бугеб коронавирусалъул карантиналъул заманалъ рес кьотIун рукIунел харабазегун лъимал гIемерал хъизабазе ва инвалидазе чара гьечIого хIажатаблъун букIуна кванил нигIматазда хадур къватIире рахьин. Киназулго гуро гьелъие ресги букIунеб. Гьединаб мехалъ битIун хIажалъи цIикIкIаразе гьабураб тIалаб, хъулухълъун ккола гьединал рахIмуялъулал тадбирал.

Сайгъатал щвараз «Инсан» фондалъул филиалалъул нухмалъулев ИсмагIил МухIамадовасе, Марзигат МухIамадовалъе, ТIалхIат ГIабдулбасировасе, МухIамад МухIамадовасе, волонтеразе баркала загьир гьабуна ва лъикIаб дугIа-гьаригун сайгъаталги къабул гьаруна.

Марзигат МухIамадовалъ баркала загьир гьабуна «Инсан» фондалъул вакиласе ва тадбиралъулъ гIахьаллъаразе.

Аби буго садакъа кьолесул квер мискинлъуларин, БетIергьанас унго-унгоги гьелде хIажалъи ккаразе гьабураб садакъаялъул кири азариде бахинабун, даража-хайрат цIикIкIинабеги .

**МухIамад ГIисакъов**

# ГIолилал - коронавирусалде данде




Гьал къоязда Агъвалиб тIобитIана волонтеразул штабалъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна коронавирусалде данде къеркьеялъе хIалтIи гьабулеб заманаялъ унтарал-цокъазе, къватIире рахьине рес-санагIалъи гьечIезе къваригIараб-таралъе кумек гьабиялъул суал.

Данделъи бачарав райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас бицана «Ниж цадахъ» абураб акциялда рекъон волантераз гьабулеб хIалтIул.

Раоналъул культураялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас бицана районалда коронавирусалъул тIибитIиялде данде гьаризе кколел тадбиразул ва гIолилазда цере чIарал масъалабазул, бихьизабуна гьеб унти тIибитIичIого букIиналъе карантиналъул тIалабал чIванкьотIун тIуразе ккей ва халкъалда гьоркьоб бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе ккей.

Данделъиялда волентераз районалъул гIолилазде хитIабги гьабуна.

**Шамил Бадрудинов**

**Дунялалдаго тIибитIараб рекIел ахIи**

# Суалал-жавабал

Коронавирус тIибитIиялда хIинкъун, дунялалдаго ахIи бахъун буго. Гьеб рахъалъ рахIатхвей буго «ХIакъикъаталъул» цIалдолезулги. Гьезул суалазе жавабал кьуна республикаялъул рахунел унтабазул централъул тохтур-инфекционист МухIамад ГIалиевас:

**-Коронавирусалдаги гIадатияб гриппалдаги гьоркьоб батIалъи щиб бугеб?**

-КIиябго унтиялъул рукIуна цого гIадал гIаламатал: бетIер унти, чинхьей, цIа-кан бахин, щекъер букари, каранзул унти, ракI кьабгIун лъу- гьин, чорхол чIагольи хвей, хIухьел цIай цIикIкIин.

Гьезда гьоркьоб бугеб аслияб батIалъи ккола гриппалдаса цIуниялъе вакцина букIин, коронавирусалдаса гьечIольи. Гриппалда дандеккун, коронавирусалъ унтарав чиясдаса гьеб бахунезул къадар гIемерго цIикIкIараб букIуна.

**-Ихдал-риидал, ай дунял хинлъидал, коронавирус жибго тIагIунин бицунеб хабар битIараб бугищ?**

-ГIалимзабаз бицунелъухъ гIенеккани, июль моцIалда коронавирус тIагIине бегьула.

**-Коронавирус тIибитIараб улкаялдаса бачIараб посылкаялдаса унти бахиналда хIинкъи букIунищ?**

-Къайи-цIаялдаса инсанасде коронавирус баханин абун гьабураб цонизи хьвай-хьвагIай гьечIо. Коронавирусалъул хIал гIоларо гьава- бакъгун къеркьезе, рагьараб бакIалда гьеб хехго хола. Вирус тIибитIула хьегIиялдалъун ва чинхьиялдалъун.

**-Рукъалъул хIайваназдаса вирус бахине рес бугищ?**

-Рукъалъул хIайваназдаса инсанасде коронавирус бахиналъул гьабураб цонизи хьвай-хьвагIай гьечIо.

**-Коронавирусалъ щал унтизе рес бугеб?**

-ГIадатияб гриппго гIадин, коронавирусалъулги хIинкъи букIуна херал, ургьисалаби, ракI, тIул, гьуърал унтарал чагIазе ва чIамучIал унтабаз кIвекIулезе. Лъимаде ругел руччабазе, лъималазе ва гьитIинчазе гьелъул хьегIинкъи букIунаро.

**-Коронавирусалдаса цIуниялъе витаминазул пайда букIунищ?**

-Бицине гIураб пайда букIунаро. «Бакъ, гьава ва лъим - гьеле нилъер бищунго лъикIал гьудулзаби» абулеб ахIи букIана цебе. Черх лъадариялъ, сахаб кваница инсанасул гьурал, ракI ва унтуда данде чIеялъулаб система лъикI хIалтIула.

**-Коронавирусалдаса цIуниялъе щиб гьабизе кколеб?**

-Щибаб гIужда сапнаца кверал чурила. КIванагIан дагь квер хьвай дурго гьурмада, беразда ва кIалалда.

ГIемерал гIадамал ракIарарал данделъабазде унге. Кверал рачиналдаса инкар гьабе, аскIор ругезда гьоркьоб кIиго метралдаса дагь гьечIеб манзил чIезабе.

**-Дагъистаналда гIемерав чи коронавирусалъ унтун вукIин тIалъиялъ бахчулеб бугин абулеб жо битIараб бугищ?**

-ДРялъул СахIли цIуниялъул министерствоялъул баяналда рекъон, коронавирусалда щаклъи бугел больницаялда регизарун руго. ГIемерав чи унтун вугин абулеб жо ккола къватIул харбал.

**-Унтиялда щаклъи бугел чагIазул биоматериалалъул цIех-рех киб гьабулеб?**

-Роспотребнадзоралъул гигиенаялъул ва эпидемиологиялъул федералияб гIелмияб централда.

-Дагъистаналда коронавирусалда данде чIеялъе гIураб хIадурлъи гьечIин, гьеб багъарани, гIемерав чи унтизе ва хвезе бегьулин абун, цо-цояз хIинкъизарулел руго…

-Гьебги ккола къватIул хабар. Цереккунго хIадурун руго коронавирусалъ унтарал батIаго сах гьарулел бакIал. ГIураб къадаралда чIезарун руго вирусазда данде чIолел препаратал ва унти бахинабулел микробал тIагIинарулел хасал дараби.

**-Сахав чияс гьурмада маска ххезе кколищ?**

-Кколаро, сахав чияс маска баялъул щибго пайда букIунаро.

Амма, къваригIунеб бугони, босизе ккола лъабгъатил яги респиратор- нияб, №95 маска.

**-Коронавирусалъ унтарав рокъов вугони, хъизамалъул чагIаз щиб гьабизе кколеб?**

-Чара гьечIого киназго анализал кьезе ккола. Тесталъул хIасилалъухъ балагьун, гьел больницаялда регизарize бегьула яги рокъобго карантин чIезабула.

**-Карантин кигIанасеб болжалалъ халат бахъине рес бугеб?**

-I4 къоялъ. Хадув пациент вукIуна поликлиникаялъул тохтурасул халкквеялда гьоркь.

**-Унти бахинабулел микробал тIагIинариялъул мурадалда, жамгIияб транспорталда жанир хасал дараби чан нухалда пунхъизе кколел?**

-Коронавирус гIадаб бахунеб унти тIибитIидал, ахирисеб остановкаялда, щибаб нухалъ, гIадамал раччулеб транспорталде хасал дараби пунхъизе ккола.

**-Лъедаса коронавирус бахунищ?**

-Бахунаро, гIумру гьабиялъе вирусалъе чара гьечIого хIажалъула чIагояб клетка. Гьединго жакъа шагьаразда лъелъ рукIунел микробал ва вирусал хлоралъ яги озоналъ хвезарула.

**-Ругънадасан коронавирус бахиналда хIинкъи букIунищ?**

-Коронавирус бахуна унтарав чинхьани яги хьегIани. Бидусан гьеб бахунаро.

**Коронавирусалъул кинал гIаламатал рукIунел?**

-Гьелъул тIоцересел гIаламатал рукIине бегьула: чорхол цIикIкIараб цIа-кан, сири бай, бетIер унти, чIагольи гьечIольи, мегIер буччин, хьегIи, хIухьел цIазе захIмалъи, чворбал унти. Цо-цо мехалда букIуна чехь-бакъазул гIадлу хвей, ракI багъари, щвезе рес буго риххел.

**-Хъизамалда щив вугониги коронавирусалъ унтун вугони, щиб гьабизе кколеб?**

АхIила тохтур. Унтарасе чIезабила хасаб рукъ.

Гьелъие рес батичIони, унтарас- даги гьесда хадуб хъулухъ гьабулесда гьоркьоб цо метралъул манзил букIине ккола. Унтарасдаги рокъосездаги гьоркьоб гьоркьоблъи дагьлъизабила.

Рокъобе зама-заманалдасан цIияб гьава биччазеги ккола. ЦIуне рацIцIалъи, химиялъул чурулел жалаз къайи-цIа кIванагIан гIемер бацIцIе. Сапнаца ризго чуре кверал. Унтарасда хадуб хъулухъ гьабулаго, маскаялъ, квербацIцIалъ яги шарфалъ кIалги мегIерги бахчизе тIадаб буго. Унтарасда хадуб хъулухъ гьабизе тезе ккола хъизамалъул гIицIго цо чи.

**-Дун карантиналда вугони, унтиялда хIинкъи бугел улкабазде щвечIел дир хъизамалъул чагIиги рокъор чIезе кколищ?**

-Киналго чагIи рокъор чкзелъун хIукуматалъ гьабураб хасаб хIукму буго. Гьединлъидал, коронавирус унти сасанин ва къватIире рахьине бегьулин абун тIасан изну кьезегIан, кинавго чи рокьов чIезе ккола. Амма мун унтун ватичIони, дур хъизамалъул чагIи карантиналда чIезаруларо. Гьайгьай, лъикIаб букIина щивав чияс жиндиего цIуни-къай гьабуни. Рес бугони, пайдаяб букIина карантиналъул заманалда гIагарал чагIигун дандчIвачIого чIани.

Коронавирусалъул унтудаса цIуниялъул мурадалда, лъикIаб букIина гьадинал тIалабал цIунани: маскаялдаса пайда босила, щивав жиндиего хасаб цIарагI чIезабила, зама-заманалда сапнаца кверал чурила, гьоркьо-гьоркьоб рокъобе цIияб гьава биччала.

(«ХIакъикъат» газеталдаса босараб)

# Чадир сундуе чIвараб?



Коронавирус унтиялда сверухъ гIемерал суалал рачIунел руго цIалдолезул. Райбольницаялъул аслияб корпусалда хьолбохъ сундуе чадир чIварабилан гьикъулеб буго цо-цояз.

Гьеб суал нижеца кьуна райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейрул-Анам Дибирасулаевасе.

Коронавирусалъ унтарасул яги гьелъулъ щаклъи бугесул хал гьабун хадуб, медицинаялъул хIалтIухъаби чадиралъул цояб рагьухъан жаниреги ун, тIасан ретIунеб хасаб ретIелги (противочумный костюм) бахъун, дезинфекциялъе гьебги гьениб тун, цогидаб рагьухъан къватIире рачIиналъе чIвараб бугин чадирилан абуна бетIерав тохтурас.

ПОБЕДА! 1945–2020

# БахIарчиясул цIаралъе мустахIикълъана



**1944 соналъул 21 июлалда мотораздалъун хьезабураб автоматчиказул батальоналъул командир, гвардиялъул капитан Бендряковас гъулбасараб шапакъаталъул тIанчида хъвалеб буго гвардиялъулав мухъилав МухIамадов ГIабдула вихьизавун вугин Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар кьеялъе. Гьеб кагъат батун буго гъоркьиса ноябрь моцIалда нижер Октябрьское росдал школалъул тарихалъул мугIалим Халипат Расуловалъул нухмалъиялда гъоркь гIуцIараб тарихиял лъугьа-бахъиназул цIех-рех гьабиялъул кружокалъул цIалдохъабазда.**

-ГIабдулжалил МухIамадов нижер Инхокъвариса ккола,-ян бицана Халипатица. -Нижехъе щварал баяназда, мухIканго абуни, 2007 соналда РФялъул оборонаялъул министрасул буюрухъалда рекъон, балъго гьарун рукIарал ва тIатинарурал документазда ва «Халкъияб ракIалдещвей» сайталда хъварал баяназда рехсолеб буго I9I2 соналда гьавурав МухIамадов ГIабдулжалил 1942 соналъ ЦIумада районалъул рагъулаб комиссариаталъул ахIиялда рекъон рагъде анин абун. Шапакъатал кьеялъул тIанчида гьарурал хъвай-хъвагIаязда рекъон, ГIабдулжалил 1942-1943 соназда тушмангун вагъулев вукIун вуго Югалъулаб фронталда. 1944 соналдаса нахъе тIоцебесеб Украинаялъул фронталда, лъукъунги вуго кIиго нухалъ, ай I943 ва I944 соназда.

КIиабилеб нухалъ лъукъиялъе ва Совет Союзалъул БахIарчиясул цIаралъе гвардиялъулав мухъилав мустахIикъав вугилан шапакъаталъул тIамач цIезабиялъе гIиллалъун ккун буго Украинаялъул Львов шагьаралде нух бахъиялъе Подъяркув абураб росу ккун чIун ругел немцазул фашистазулгун ккараб рагъ. 6I-леб танказул Свердловскиялъул БагIараб байрахъалъулаб гвардиялъул бригадаялъул батальоналъул тIоцебесеб ротаялъул автоматчиказда цебе лъураб масъала букIун буго Подъяркув росулъа фашисталги тIагIинарун, хадур рачIунел ругел советиял аскаразе Львов шагьаралде нух рагьи. Десанталъул рагъухъабигун танкал Подъяркув росдал рагIалде щведал, немцаз байбихьун буго нилъеразде кьвагьдезе. ГIабдулжалилида бихьун буго цо бакIалдаса автоматаздасан кьвагьдолеб фашистазул къокъа. Гьеб параялъ гьес ункъояв чIван вуго. ЧIаго хутIаразул цояс рехараб гранатаялъ ГIабдулжалилил кIиябго квер лъукъун буго, ругънал лъун руго гьурмадаги, тушманасул гранатаялъул щварал кесказ борлъун буго кодоб букIараб автоматги. Кодоб ярагъго хутIичIев ГIабдулжалил кверзулаб рагъде жуван вуго, гьебгиха, кIиябго кверги лъукъун букIадго. ТIоцеве данде ккарав фашист, зарги кьабун, чIван вуго, хутIарал лъутизе журайдал, хадувги векерун, жеги чангоявги ракьалда лъун вуго. Гьеб бахIарчилъи бихьизабунин гьесилан хъвалеб буго шапакъаталъул тIанчида гвардиялъул капитан, батальоналъул командир Бендриковас.

ЦIияб, жеги лъиданиги рагIичIеб гьаб хабаралъ кутакалда рохизаруна магIарухъ ругел инхокъварисел гурелги, гIатIиракьалда бугеб нижер Октябрьское росдал гIадамалги. ГIабдулжалилил вас МухIамадхIабибица ва яс ПатIиматица гIумру гьабулеб буго Октябрьское росулъ.

-Мунагьал чураяв дир эмен ГIабдулжалил рагъдаса тIад вуссун вуго рагъулаб БагIараб байрахъалъул ва БагIараб ЦIва орденалгун, букIана гьесул жеги кIиго медальги. Гьев къадаралде щвана I978 соналда, вукъунги вуго Инхокъвари росулъ. Къисматалъ дунги дир яц ПатIиматги гIумру гьабизе гьанире ккана. Инсуе бокьулароан рагъул заманалъул лъугьа-бахъинал ракIалде щвезаризе ва гьелъул бицине. Гьесул гIелбащадаз рицунел рагIулаан рагъул заманалъул, гьенир ккарал ишазул бицарал харбал, амма зарги кьабун лъабго немцав чIванин бицунеб хабар дида рагIичIо. Дир эмен вукIана гIадатияв чи. Гьединги батилаха, дунгоги гьеб шапакъаталъул тIанчида хъваралъ тамашалъизави гуребги, чIухIунги вуго. ЦIар, узухъда, мекъи хъван буго. Доб заманалда гIурус мацIни кисаха лъалеб, берцинго авар мацIалъ хъвазе-цIализегицин лъалароан гIадамазда, росабалъ къанагIатги рукIинчIо мактабал. Щибха дир инсуда, цIали-хъвай гьечIев чиясда, кин гьесул цIар кагътазда хъван бугебали лъазеги букIараб? - ян бицана МухIамадица. Шапакъаталъул тIанчида рекъон бихьизабураб БахIарчиясул цIва кьун букIун щвечIогойищ хутIараб, ялъуни кIочонищ тараб, яги мустахIикъав гьечIин нахъищ чIвараб - гьеб киналдаго тIад хIалтIулел руго гьабсагIат Москваялда ругел нилъер ракьцоял. Ин ша Аллагь, кватIичIого баянлъила кинабго.

Бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубаялъул байрамалда цебейин абуни, гьеб букIинаан халкъалъе кIудияб сайгъатлъун ва гьитIинабго нилъер ЦIумада районалъе Совет Союзалъул кIиго БахIарчиясул ватIанилан чIухIи-рецщги.

**Гирай ХIайдаров**

# Районалъул имам Шамил ХIажиевас араб рузманалда гьабураб вагIза



ХIурматиял районцоял, районалъул гьалбал, диналъул вацалгун яцал!

Жакъа цохIо нилъеда сверухъ гуребги, тIолго дунялалдаго бугеб ахIвал-хIал нилъеда бихьулеб буго. Аллагьас халкъалъе биччан буго иргадулаб хIалбихьи. Коронавирусалъ унтаразул ва унтиялда щаклъи бугезул къадар къойидаса къойиде цIикIкIунеб буго.

Гьедин ккеялъе гIиллабиги нилъеда ахирал моцIаз гIемер рагIулел руго, кIиго чи вахъунчIаралъубги гьелъул бицунебги буго. Такрарлъизе бокьун гьечIо, бугониги ракIалде щвезабила нилъер хирияв МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) унго-унгояв бусурманчилъун кколин жиндасан цогидазе я мацIалдалъун, я кверaлдалъун зарал ккечIев чийилан абураб хIадис. Гьединлъидал, гьари буго, цIакъго чара гьечIеб хъулухъалъе гурони, къватIире рахъинчIого, рокъор чIайилан.

Как-диналъулъги букIине ккела гIадлу-низам.Тохтурзабаз тIалаб гьабухъе, щивасул букIине ккела рузманалъул какде вачIунелъул цадахъ какикь тIамизе гьитIинабго халича ва гьурмада ххезе маска, микробал хвезарулеб лъамалъиялъ кверaлги чуризе ккела. Как балелъул гIемерго цоцазда аскIор къан чIезеги лъикIаб гьечIо.

Гьел киналго тIалабал руго нилъго цIунизелъун гьарулел. Цогидал какал, гьаб хIалуцин дагьаб сасинегIан, рокъорго рани лъикI букIинаан нилъее.

Нилъеда бичIчIизе ккола гIадамазулгун хурхен-бухьен гьечIого нилъ тIуралареблъи, гьединлъидал цIуна-къай букIине ккела тохтурзабазул рихьизариязда рекъон.

Нилъер гIайибалдалъун цо чиясул чорхое зарал ккани, бихьизабун буго тамихI, амма кинабгIаги тамихIалда бащалъуларо нилъ хвезегIан рекIелъ хутIиги, хун хадуб бетIергьанасда цебе жаваб кьезе ккейги.

Аллагьас тавпикъ кьеги нилъее лъикIаб босун, квешаб тезе, БетIергьанас кьураб гьаб хIалбихьи мустахIикъаб куцалда дандчIвазе, нилъее кьурал гIодоркъоялги Аллагь рехсолаго, гIибадаталда тIоритIизе.

Амин!

## Рохь - нилъер бечелъи

# Рохьил магIишаталъул хIалтIухъабазул гьари

**ХIурматиял районцоял!**

Гьале исанаги тIаде щвана их. ТIабигIат цIилъулеб, ахикь, хурзабахъ хIалтIаби гьаризе байбихьулеб заман. 2017 соналъул I марталдаса нахъе нилъер хIукуматалъ гьукъун буго ахуралде хIалтIи гьабулаго бакъвараб харида, заз-хъарахъалда цIа бакизе: мугIрузда, рохьазда, харибакIазда, хурзабахъ ва жиндирго хурибги.

Гьединлъидал, киналго гьитIиназги, чIахIиязги цIодорлъи гьабизе ккола, ва цIа бакичIого тезе ккола. ЦIаялъ, киб рекIаниги тIабигIаталъе зарал гьбичIого толаро, ва рохьобеги щола, рохьги бухIула.

ЦIа рохьобе ккола гIалахалда бугеб бакъвараб чIахI-хер бухIиялдалъун, гьединго цIодорлъи гьабичIого, инсанас свинабичIого тараб цIаялдаса, цIа свинабичIого гIодобе рехараб спичкаялдаса, ва хъалиялдаса.

ГIемерисеб мехалъ мегIер-гIалах бухIула гIухьбуз. Хурухъабаз ахикь, хурзабахъ хIалтIаби гьрулаго цIа бакула, цIунизе кколел къагIидаби цIуничIого.

Ургъел гьабичIого цIа бакани, гьелъ бухIула мегIер-гIалах, пихъил гъутIби. Гьеб бачIуна гIадамазул рукъзабахъе, цойги гIадамазе хIажалъулел жамгIиял бакIазде, ва рохьазухъе.

Щибаб соналъ гIалахалда бакараб цIаялъ рухIула рохьал, гьабула гьабула кIудияб зарал тIабигIаталъе. ЦIаялъул хIасилалда рухIула рукъзал, хола тIабигIаталъул сипат, гIадамазе хIажатал рохьил нигIматал - хасго цIул, гьаваялда чIола кIкIуй. КIкIуй бачIуна росабалъе, рукъзабахъе, гIадамазе хIухьел цIазе захIмалъула, гьеб халат бахъани унтизе бегьула.

Гьединал къварилъаби ккола, нилъер гIадамазулъ бугеб, цIаялъ мегIер-гIалах цIигьабулин абураб мекьаб пикруялъул хIасилалда. Хасго тIабигIаталда гIемерал цIаял ракула магIарул районазда.

Бакъвараб хер бухIун хадуб, нилъеца тIабигIаталъе гьабула бецIун хIал кIолареб кIудияб зарал. Цогидаб жо абичIого, бухIараб харил кьибил букIараб хIалалъ цIилъизе ккани, тIабигIат хIалтIизе ккола 7-8 соналъ. ГъветI-рохь цIилъизе хIажулъула анцI-анцI сонал.

МегIер-гIалахалда, хурзабахъ, ришни бухIулаго, бухIун тIагIинабула хIетI-хъумур, рухIула хIанчIазул бусаби, гьезул ханал, гIалхул хIайванал.

ЦIаялъул хIасилалдалъун хола ракьулъ ругел гъветI-хералъе хIажатал, пайдаял ракь беэн гьабулел нигIматал, гъветI-рохьалъе бижизе квербакъи гьабулел хIапараби, магIданал.

Россиялъул хIукуматалъул къануназда бихьизабун буго, изну гьечIого цIаги бакун бакъвараб хер бухIани, административияб тамихIалде цIазе, ва рохьобе цIа унеб хIал ккезабуни, гIайибазе кьвараpаб тамихI гьабизе- эркенлъиялдаса махIрум гьавиялде щвезегIан.

Рохьобе цIа бачIани, рохьил гIорхъода ракь бугез жаваб кьезе буго бухIараб рохьалъул, ва гьединго ккараб заралги бецIизе ккезе буго.

Рохьал цIа ккеялдаса цIуниялъул правилаби, ялъуни бакъвараб харида, заз-хъараъалда цIа бакани:

Административияб кодексалъул 8.32 ст. рекъон, гIадамазда тIад къотIула 1500 ялдаса - 5000 гъурущалде щвезегIан гIакIа, хъулухъчиясдаса гIакIа 7000 ялдаса - 50 азарго гъурущалде щвезегIан. Юридическияб учреждение, организациялда, КФХ-СПК-ИП-ялда гIакIа -50 азаргоялдаса-I миллион гъурущалде щвезегIан.

Хер, заз-хъарахъ, ришни (мусор) бухIизе бакараб цIаялъ рохь бухIани, цIала уголовный тамихIалде.

РФялъул Уголовнияб кодексалъул 26I ст. рекъон лъачIого инсанасул гIайибалдалъун цIа рекIани, ялъуни ургъунго бакъвараб харида, заз-хъарахъалда бакун цIа рохьобе анани, бахъула гIакIа 200 азаргоялдаса-3 миллион гъурущалде щвезегIан, ялъуни, цоялдаса микьго соналде щвезегIан туснахъ гьавизе бегьула, рохьалъе ккараб заралалъухъ балагьун.

ЦIа ккун рохь бухIани, гIакIаялде тIаде бахъула рохьалъе цIадуца гьабураб зарал. Гьелъул къадарги-2020соналъ, накIкIил гъветI (сосна)-бижулеб рохь бухIани, цо кубометр цIулахъ зарал -38 152 гъурущ, махил (берёза)-19100 гъурущ, миккил- чвадил (дуб, ясень)-171 898 гъурущ ва гь.ц..

Рохьазда, гIалахалда цIа ккечIого букIиналъе гIоло, ва цIаял ракичIого рукIине гIоло гIадамазда гъоркьоб рохьил магIишаталъул хIалтIухъабаз гьабулеб буго бичIчIи кьеялъул хIалтIи-ва бакъвараб хер бухIизе кибго гьукъула.

Гьединго, цIаял раки гьукъизе, ва цIа бакаразе гIадлу гьабизе, законалъ тIад къан буго росабазул администрациябазда, полициялда, тIабигIат цIуниялъул гIуцIабазда.

Гьединлъидал, гьарула киназдаго, цIаял ракуге, мегIер-гIалахалда хъалиян бухIулаго цIодорлъи гьабе, цIа рекIараб алат гIодобе рехуге.

МегIер-гIалахалда цIа рекIараб бакI бихьани, ахIе телефоналъ гьал номеразде: **(88722)94-01-04; 8-800-100-94-00; 8-967-936-54-07** ва лъазабе нужеда гIагарда вугев рохьил магIишаталъул хIалтIухъанасда.

## Колонка прокурора

# Ответственность за содействие, пособничество терроризму

В соответствии со статьей 205.I. Уголовного Кодекса Российской Федерации содействие террористической деятельности выражается в склонении, вербовке или ином вовлечении лица в совершение преступлений террористического характера статьи 205, 205.2, 205.3, 205.4, 205.5, 206, 208, 211, 220, 221, 277, 278, 279, 360 и 361 УК РФ), вооружении или подготовке лица в целях совершения хотя бы одного из указанных преступлений, а равно финансирование терроризма.

Наказываются лишением свободы на срок от пяти до десяти лет со штрафом в размере до пятисот тысяч рублей либо в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до трех лет либо без такового.

Под пособничеством понимаются умышленное содействие совершению преступления советами, указаниями, предоставлением информации, средств или орудий совершения преступления либо устранением препятствий к его совершению, а также обещание скрыть преступника, средства или орудия совершения преступления, следы преступления либо предметы, добытые преступным путем, а равно обещание приобрести или сбыть такие предметы.

Наказывается лишением свободы на срок от десяти до двадцати лет.

**Ильяс Вакилов,** прокурор района

# К сведению налогоплательщиков

В связи с неблагоприятной эпидемиологической обстановкой и риском распространения новой коронавирусной инфекции COVID-I9 Межрайонная инспекция ФНС России №12 по РД рекомендует налогоплательщикам по возможности отложить с 06.04.2020 по 30.04.2020 посещение налоговых инспекций».

Все налоговые вопросы можно решить через онлайн-сервисы в «Личном кабинете налогоплательщика» или на официальном сайте ФНС России.

К примеру, удаленно можно узнать налоговую задолженность, оплатить налоги, подать декларацию 3-НДФЛ и т.п.

«Представление деклараций 3-НДФЛ через личный кабинет ускоряет их обработку, а значит, сокращает срок для получения налогового вычета (возврата) по НДФЛ».

Кроме того, в интернет-сервисах можно узнать свой ИНН, получить квитанцию на оплату налогов и оплатить их онлайн, а также направить в налоговую любое сообщение

**Магомед Магомедов,** зам. нач. МРИ ФНС России №I2 по РД

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. наз нач. | Испол-нение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 18,5 | 18,5 | 29,4 | 158,9 |
| 2 | Земельный налог | 54,7 | 54,7 | 55,7 | 101,8 |
| 3 | Налог на имущества | 19,3 | 19,3 | 20,0 | 103,6 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,6 | 0,6 | | 0,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,8 | 1,8 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | **94,9** | **94,9** | **105,1** | **110,7** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1404,0 | 1712,8 | 1712,8 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | 5,9 | 13,0 | 13,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,7 | 2,7 | 2,7 | 100,0 |
| 4 | Субвен. ВУС | 84,0 | 84,0 | 84,0 | 100,0 |
| | **Итого** | **1496,6** | **1812,5** | **1812,5** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1591,5** | **1907,4** | **1917,6** | **100,5** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **961,6** | **1022,8** | **1022,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 628,1 | 628,1 | 612,8 | 97,6 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | | |
| 4 | **ЗАГС** | **2,7** | **2,7** | **2,7** | 100,0 |
| 5 | **ВУС** | **84,0** | **84,0** | **84,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 64,5 | 64,5 | 64,5 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **218,0** | **519,1** | **519,1** | 100,0 |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | | |
| 8 | **Культура** | **275,2** | **28I,6** | **281,6** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 133,0 | 136,8 | 136,8 | 100,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **50,0** | **50,0** | | 0,0 |
| | | | | | |
| | **Всего расходов** | **1591,5** | **1960,2** | **1910,2** | **97,4** |
| | в т.ч. зарплата | 825,6 | 829,4 | 814,1 | 98,2 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» А Хизриев**

## Медицинское страхование

# Права и обязанности застрахованных лиц

Согласно ст. I6 Федерального закона № 326-ФЗ от 29.II.2010 года «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации»

I.Застрахованные лица имеютправо на:

-беслатное оказание им медицинской помощи медицинскими организациями при наступлении страхового случая:

-на всей территории Российской Федерации в объеме, установленном базовой программой обязательного медицинского страхования;

-на территории субъекта Российской Федерации, в котором выдан полис обязательного медицинского страхования, в объеме, установленном территориальной программой обязательного медицинского страхования;

Выбор страховой медицинской организации путем подачи заявления в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования;

Замену страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин, один раз в течение календарного года не позднее I ноября либо чаще в случае изменения места жительства или прекращения действия договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования, путем подачи заявления во вновь выбранную страховую медицинскую организацию;

Выбор медицинской организации из медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы обязательного медицинского страхования в соответствии с законодательством в сфере охраны здоровья;

Выбор врача путем подачи заявления лично или через своего представителя на имя руководителя медицинской организации в соответствии с законодательством в сфере охраны здоровья;

Получение от территориального фонда, страховой медицинской организации и медицинских организаций достоверной информации о видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи;

Защиту персональных данных, необходимых для ведения персонифицированного учета в сфере обязательного медицинского страхования;

Замещение страховой медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации предоставления медицинской помощи, в соответствии с законодательством Российской Федерации;

Возмещение медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации и оказанию медицинской помощи, в соответствии с законодательством Российской Федерации;

Защиту прав и законных интересов в сфере обязательного медицинского страхования.

2.Застрахованные лица обязаны:

-предъявить полис обязательного медицинского страхования при обращении за медицинской помощью, за исключением случаев оказания экстренной медицинской помощи;

-подать в страховую медицинскую организацию лично или через своего представителя заявление о выборе страховой медицинской организации в соответствии с правилами обязательного медицинского страхования;

-уведомить страховую медицинскую организацию об изменении фамилии, имени, отчества, данных документа, удостоверяющего личность, места жительства в течение одного месяца со дня, когда эти изменения произошли;

-осуществить выбор страховой медицинской организации по новому месту жительства в течение одного месяца в случае изменения места жительства и отсутствия страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин.

**3.** Обязательное медицинское страхование детей со дня рождения и до истечения тридцати дней со дня государственной регистрации рождения осуществляется страховой медицинской организацией, в которой застрахованы их матери или другие законные представители. По истечении тридцати дней со дня государственной регистрации рождения ребенка и до достижения им совершеннолетия либо до приобретения им дееспособности в полном объеме обязательное медицинское страхование осуществляется страховой медицинской организацией, выбранной одним из его родителей или другим законным представителем.

**4.** Выбор или замена страховой медицинской организации осуществляется застрахованным лицом, достигшим совершеннолетия либо приобретшим дееспособность в полном объеме (для ребенка до достижения им совершеннолетия либо до приобретения им дееспособности в полном объеме - его родителями или другими законными представителями), путем подачи заявления в страховую медицинскую организацию из числа включенных в реестр страховых медицинских организаций, который размещается в обязательном порядке территориальным фондом на его официальном сайте в сети «Интернет» и может дополнительно опубликовываться иными способами.

**5.** Для выбора или замены страховой медицинской организации застрахованное лицо лично или через своего представителя обращается с заявлением о выборе (замене) страховой медицинской организации непосредственно в выбранную им страховую медицинскую организацию или иные организации в соответствии с правилами обязательного медицинского страхования. На основании указанного заявления застрахованному лицу или его представителю выдается полис обязательного медицинского страхования в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования. Если застрахованным лицом не было подано заявление о выборе (замене) страховой медицинской организации, такое лицо считается застрахованным той страховой медицинской организацией, которой он был застрахован ранее, за исключением случаев, предусмотренных пунктом 4 части 2 настоящей статьи.

**6.** Сведения о гражданах, не обратившихся в страховую медицинскую организацию за выдачей им полисов обязательного медицинского страхования, а также не осуществивших замену страховой медицинской организации в случае прекращения договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования в связи с приостановлением, отзывом или прекращением действия лицензии страховой медицинской организации, ежемесячно до I0-го числа направляются территориальным фондом в страховые медицинские организации, осуществляющие деятельность в сфере обязательного медицинского страхования в субъекте Российской Федерации, пропорционально числу застрахованных лиц в каждой из них для заключения договоров о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования. Соотношение работающих граждан и неработающих граждан, не обратившихся в страховую медицинскую организацию, а также не осуществивших замену страховой медицинской организации в случае прекращения договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования в связи с приостановлением, отзывом или прекращением действия лицензии страховой медицинской организации, которое отражается в сведениях, направляемых в страховые медицинские организации, должно быть равным.

**7.**Страховые медицинские организации, указанные в части 6 настоящей статьи:

-в течение трех рабочих дней с момента получения сведений из территориального фонда информируют застрахованное лицо в письменной форме о факте страхования и необходимости получения полиса обязательного медицинского страхования;

-беспечивают выдачу застрахованному лицу полиса обязательного медицинского страхования в порядке, установленном статьей 46 настоящего Федерального закона;

-предоставляют застрахованному лицу информацию о его правах и обязанностях.

**Ахмед Шапиев,** главный специалист-эксперт Ботлихского филиала ТФОМС РД

Пачалихъиял учреждениябазул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъ зигара балеб буго райадминистрациялъул хIалтIухъан ГIабдурахIимов МухIамадида гьесул эбел

**Муъминат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагь гурхIаги, иманалда тIойитIун ятаги.

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул редакциялъул хIалтIухъан МухIамадова Батулида ва ГIагарлъиялда зигара балеб буго цадахъ хIалтIулез ва МухIамад Залимхановас гьелъул вац

**МахIсуд**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хьизанлъималазе сабру кьеги.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I«А»

Тираж - 1676
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидаль баяназул
жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@mail.ru